

29 Jiyè 2020

Lekòl Piblik Collier County yo (CCPS) detèmine pou Avanse avèk pwoteksyon nan nouvell ane eskolè a e obeyi Rekòmandasyon Eta a pou lekòl fonksyone senk jou pa semenn “yon fwa lekòl rouvri nan madout la.” (Sous la se Òd Edikasyon NO. 2020-E0-06 Depatman an).

Madi ki te 28 jiyè a, Konsèy Administrasyon Lekòl Distri Collier County a te vote pou retade dat kòmansman ane eskolè 2020-2021 an. Pakonsekan, premye jou lekòl pou elèv se pral lendi 31 out 2020. Akoz chanjman sa a, yo te fè plizyè lòt ajisteman nan Kalandriye Akademik lan, enkli dènye jou lekòl pou elèv mentman ki pral vandredi 11 jen. Klike la pou wè kijan yo revize kalandriye akademik 2020-2021 an.

Yo te voye yon kouryèl bay anplwaye CCPS yo madi apremidi konsènan chanjman ki te fèt nan kalandriye sa a, e yo pral voye nouvo kalandriye travay la alafen semenn pwochèn.

Lekòl Piblik Collier County yo kontinye adapte e reponn kòm sadwa a defi ki prezante pa pandemi COVID-19 la. Mèsi pou pasyans, fleksibilite, e konpreyansyon ou.

Pou ou kapab wè chanjman yo fè nan kalandriye akademik lan, vizite sit entènèt Anvansman nou an nan [collierschools.com/reopening](https://collierschools.com/reopening).

- Si ou genyen kesyon an jeneral, tanpri [kontaktereopening@collierschools.com](mailto:kontaktereopening@collierschools.com)
- Si ou genyen kesyon espesifik sou opsyon edikatif, kontakte [teachingandlearning@collierschools.com](mailto:teachingandlearning@collierschools.com)

Mèsi.

Dr. Kamela Patton  
Sipèntandan Lekòl yo